

FÒMILÈ OTORIZASYON POU DIVILGASYON ENFÒMASYON SANTE PWOTEJE
(Ki gen ladan divilgasyon dosye ki gen rapò ak Twoub Itilizasyon Sibstans pou nenpòt rezon ki pa gen rapò ak tretman/pèman/operasyon)

Pati 1: Enfòmasyon Pasyan an

Non Pasyan an: _____ Dat Nesans: _____

Pati 2: Non Pati ki ap Divilge a ak Pati ki ap Resevwa a

Lè m siyen Otorizasyon sa a, mwen otorize **Outer Cape Health Services ("Outer Cape")** pou itilize oswa divilge oswa resevwa enfòmasyon sante pwoteje mwen ("PHI") nan men oswa bay moun oswa òganizasyon ki nonmen anba a, swa vèbalman oswa alekri:

Òganizasyon/Moun: _____
Adrès: _____ # Faks: _____ Telefòn: _____

Pwogram Outer Cape: _____
Adrès: _____ # Faks: _____ Telefòn: _____

Pati 3: Deskripsyon Enfòmasyon Sante Ki Ka Itilize Oswa Divilge

--Chwazi **Youn** Koche Kaz ki Anba a--

- ☐ **TOUT dosye** sou mwen
- ☐ **TOUT dosye** sou mwen eksepte: _____
- ☐ Dosye nan dat(yo): _____
- ☐ Dosye ki gen rapò ak: _____
- ☐ Lòt: _____

Si w ap divilge Dosye Sante Mantal:

- ☐ **Enfòmasyon sou Sante Mantal ki annapre yo:**

_____ Evalyasyon
_____ Dyagnostik
_____ Evalyasyon Siko-sosyal
_____ Pwogrè nan Tretman
_____ Prezans/Patisipasyon nan Tretman
_____ Nòt Sikoterapi*
(*Pa ka konbine ak okenn lòt divilgasyon)

_____ Rezime Egzeyat/Transfè
_____ Enfòmasyon sou Edikasyon
_____ Evalyasyon Sikolojik
_____ Jesyon Medikaman
_____ Enfòmasyon Enfimyè/Medikal
_____ Lòt: _____

Pati 4: Otorizasyon pou Divilge Lòt Enfòmasyon Pwoteje

Tanpri endike **kategori espesifik enfòmasyon an** ou dakò pou patajee enfòmasyon yo lè w koche epi mete inisyal ou nan kaz ki anba yo:

- | | |
|--|---|
| ☐ VIH/SIDA | ☐ Tès jenetik |
| ☐ Dosye sou enfeksyon seksyèlman transmisib yo | ☐ Agresyon Seksyèl |
| ☐ Tretman/konsèy pou Vyolans Domestik | ☐ Sèvis Planifikasyon Famityal |
| ☐ Itilizasyon alkòl oswa dwòg, eksepte Nòt Konsèy pou Twoub Itilizasyon Sibstans (yo rele tou/ "Dosye Pati 2"). | |
- Règleman Konfidansyalite Federal 42 CFR Pati 2 entèdi itilizasyon oswa divilgasyon san otorizasyon dosye sa yo.
- ☐ Lòt (yo): _____ (tanpri presize)

Pati 5: Objektif

Objektif Otorizasyon sa a (yo) se:

- | | |
|---|--|
| ☐ Sou demann pa mwen | ☐ Kowòdinasyon swen |
| ☐ Swen/tretman kontinyèl | ☐ Asirans ki gen rapò ak sa |
| ☐ Kesyon legal | |
| ☐ Lòt: _____ | |

Pati 6: Ekspirasyon

Sof si yo revoke otorizasyon sa a, li ap ekspire si youn nan evènman sa yo rive, kèlkeswa sa ki rive pita, selon ka a: 90 jou apati dat siyati fòmilè sa a, tretman an fini, lè yo fè dènye bòdwo asirans lan, oubyen evènman/kondisyon sa a rive_____.

Pati 7: Rekonesans

Mwen li epi mwen konprann kondisyon Otorizasyon sa a. Mwen te gen opòtinite pou m poze kesyon sou itilizasyon oswa divilgasyon PHI mwen yo ak Dosye Pati 2 yo. Yo ban mwen yon kopi Otorizasyon ki siyen an, epi lè mwen siyen anba a, mwen konprann:

1. Ak siyati mwen, PHI ki espesifye anwo a, ki ka gen ladan Dosye Pati 2, pral pataje ak moun ki ap resevwa enfòmasyon ki endike anwo a.
2. Outer Cape pa ka garanti moun k ap resevwa enfòmasyon an p ap divilge enfòmasyon sante mwen bay yon tyès pati ankò. Moun k ap resevwa enfòmasyon pèsònèl la ka pa anba lwa federal ki gouvènè vi prive PHI oswa Dosye Pati 2 yo.
3. Mwen ka refize siyen Otorizasyon sa a epi refi mwen pou siyen an p ap afekte kapasite mwen pou m jwenn tretman nan men Outer Cape eksepte lè: (i) m ap resevwa tretman ki gen rapò ak rechèch, oswa (ii) m ap resevwa swen sante sèlman nan objektif pou m kreye enfòmasyon pou divilge bay yon tyès pati. Si youn nan eksepsyon (i) oswa (ii) aplike, refi mwen pou siyen yon otorizasyon ka lakoz mwen pa jwenn tretman nan men Outer Cape.
4. Yo ka divilge dosye Pati 2 mwen yo dapre pèmisyon ki nan règleman HIPAA yo, eksepte pou itilizasyon ak divilgasyon pou pwosedi sivil, kriminèl, administratif ak lejislatif kont mwen.
5. Mwen konprann mwen ka revoke Otorizasyon HIPAA mwen an alekri ak konsantman Pati 2 mwen an pou nenpòt lòt rezon apa de Tretman, Pèman, Operasyon, aloral, nenpòt lè, eksepte revokasyon an p ap gen okenn efè sou okenn aksyon Outer Cape pran an fonksyon Otorizasyon sa a anvan Outer Cape resevwa avi revokasyon alekri mwen an. Mwen ka revoke otorizasyon sa a lè m ekri Ofisye Konfòmite (Compliance Officer) Outer Cape la: nan 508-905-2820 oubyen Compliance@OuterCape.org.

Pati 8: Siyati**SIYATI PASYAN AN**

Siyati Pasyan an: _____ Dat siyati a: _____

SIYATI RESPONSAB LEGAL PASYAN AN OSWA LÒT REPREZANTAN LEGAL LA

Lè pasyan an legalman pa konpetan oswa legalman pa kapab bay konsantman, siyati paran, responsab legal, ajan swen sante Siyati reprezantan legal la: _____ Dat siyati a: _____

Non an lèt detache: _____ Relasyon ak Moun nan _____

POU ITILIZASYON OUTER CAPE SÈLMAN – DOKIMANTASYON MOUN KI AP VOYE ENFÒMASYON/FÒMILÈ A
 Dat enfòmasyon/fòmilè a pataje/divilge: _____ Kijan yo te voye l = ☐ lapòs, ☐ imèl, ☐ faks
 Voye pa (non, tit): _____ Dat li Siyen: _____

AVI POU MOUN KI AP RESEVWA DOSYE PATI 2 YO

Dosye sa a yo te divilge ba ou a pwoteje pa règleman konfidansyalite federal yo (42 CFR pati 2). Règleman sa yo entèdi ou itilize oswa divilge dosye sa a, oswa temwayaj ki dekri enfòmasyon ki nan dosye sa a, nan nenpòt pwosedi sivil, kriminèl, administratif, oswa lejislatif pa nenpòt otorite Federal, Eta, oswa lokal, kont pasyan an, sof si pasyan an otorize sa ak konsantman li, eksepte jan sa prevwa nan 42 CFR 2.12(c)(5) oswa nan fason yon tribinal otorize sa an akò avèk 42 CFR 2.64 oswa 2.65. Anplis de sa, règleman federal yo entèdi ou fè nenpòt lòt itilizasyon oswa divilgasyon dosye sa a sof si omwen youn nan bagay sa yo aplike:

- *Nenpòt lòt itilizasyon oswa divilgasyon aprè sa fèt sèlman ak konsantman alekri moun ki gen enfòmasyon yo nan dosye sa a, oswa jan règleman 42 CFR pati 2 la pèmèt sa;*
- *Ou se yon antite ki kouvri oswa yon asosye komèsyal epi ou resevwa dosye a pou tretman, pèman oswa operasyon swen sante, jan sa defini nan pati sa a ; oswa*
- *Ou te resevwa dosye a nan men yon antite ki anba pwoteksyon otorite yo oswa yon asosye komèsyal jan 45 CFR pati 164, sou-pati A ak E a pèmèt sa.*